



FY26 RESIDENTIAL SANITATION GUIDE

GID SANITASYON REZIDANSYÈL

UNA GUÍA RESIDENCIAL
Y DE SANEAMIENTO



Get to know your trash, bulk, and recycling service provider!

Fè konesans ak founisè sèvis fatra, dechèan gwo ak resiklaj w lan!

¡Conozca a su proveedor de servicios de basura, a granel y reciclaje!



Sa ki nan gid la

Misyon Waste Pro	2
Mesaj Vil North Miami	3
Sèvis ramasaj fatra ak resiklaj	4
Atik pou ramasaj an gwo	5
Preparasyon pou siklòn	6
Tarif pou ramase gwo fatra	7
Konsèy pou w an konfòmite a kòd la	8
Tradiksyon kreyòl	10 - 17
Tradiksyon panyòl	18 - 25
Kat ak orè sèvis nan tout vil la	26 - 27
Kontakte nou	Katriyèm kouvèti



Tanpri ale nan gid la pou konsèy tou pare ak resous konsènan sèvis sanitasyon pou kay ini-famityal ak kay milti-famityal jiska kat inite North Miami. Gade paj 26 - 27 pou w wè jou sèvis pa w.



Misyon nou se amelyore kalite lavi a pou ou pandan nou ap ofri sèvis ramase fatra rezidansyèl sou twotwa chak semèn, yon sèvis ki pwofesyonèl, fyab e a yon pri abòdab.

Chè rezidan Vil North Miami,

Men Gid Sanitasyon 2025-2026 Vil North Miami an. Konpayi Waste Pro te fonde apati yon yon ide ki gran anpil: transfòme endistri dechè ak resiklaj la an yon sèvis ki santre sou valè. Pou nou menm, dirabilite plis pase travay pou redui enpak konpayi nou an sou anviwònman an. Sa li ye tou se etabli relasyon dirab avèk kliyan nou yo, rekonèt anplwaye nou yo ki trè devwe, epi investi nan kominote kote nou travay yo. Nan Waste Pro, nou onore yon kilti fyabilite, pandan nou ap fè sa ki dwat epi nou konekte avèk kliyan nou yo, kominote yo, otorite yo, epi tout moun. Nou di sa n ap fè a epi nou fè sa nou di.

Antan yon òganizasyon ki ap aprann, se tout tan nou ap evalye e amelyore sèvis nou ofri a, fason nou fonksyone ak pwosesis nou itilize yo. Nou kreye yon anbyans konesans kote anplwaye nou yo konsevwa nouvo solisyon, fè rechèch sou yo epi egzekite yo pou yo toujou monte sèvis nou yo dapre bezwen kliyan nou yo ak kominote nou yo. Waste Pro etabli nivo a nan kesyon jesyon dirab sèvis dechè e li ap fè gran efò pou amelyore atant sa yo san rete. Nan Waste Pro, nou gen yon filozofi anbachal nou pa janm bliye, ki defini kilti konpayi nou an:


« Moun fè ladiferans epi yo pa p janm pèdi sa yo fè pou pwochen yo. »



Majistra
Alix Desulme, Ed.D.



Vis Majistra
Kassandra Timothe, MPA,
Distri 2



Konseye Minisipal
Kevin A. Burns
Distri 1



Konseye Minisipal
Marie Estimé-Irvin
Distri 3



Konseye Minisipal
Pierre Frantz Charles
Distri 4



Sekretè Minisipal Ki Te Eli
Vanessa Joseph, Esq.

Lèt Biwo Majistra a

Salitasyon pou moun North Miami,

Antan Majistra w, mwen fyè pou mwen re-afime angajman fèm nou pou nou mentni yon kominote pwòp, nan bon eta sanite, kote toujou gen aktivite.

Nan vil North Miami, nou konprann sèvis sanitasyon efikas fondamantal pou byennèt vil nou an ak kalite lavi nou tout ap jwi a.

Nan vil North Miami, nou konprann sèvis sanitasyon efikas fondamantal pou byennèt vil nou an ak kalite lavi nou tout ap jwi a. Nou konsantre tout efò nou sou ofri solisyon jesyon dechè yon fason fyab e efikas ki reponn a bezwen vil nou an ki ap grandi. Nan ane ki sot pase a, nou te fè gran efò nan modènize sistèm sanitasyon nou yo, nan fè yon meyè itilizasyon pwosesis nou yo pou ramase fatra, epi nan entwodui metòd ekolojik ki reflekte devouman vil nou an anvwè dirabilite. Amelyorasyon sa yo asire lavi nou yo, pak nou yo ak espas piblik nou yo rete pwòp e byen bèl pou tout moun apresye.

Apa de amelyorasyon sèvis nou yo, n ap fè anpil efò pou n ankouraje moun pran responsablite pou anviwònman an atravè apwòch kominote ak edikasyon. Nou kapab diminye fatra, ogmante resiklaj e pwomouvwa sèten abitud ekolojik lè nou travay ansanm. Chak ti aksyon ede yon pi gran objektif pou pwoteje anviwònman nou epi asire yon avni dirab pou North Miami. Pandan nou ap kontinye eksplòre teknoloji tou nèt ak estrateji alavangad, tankou rekipasyon enèji ak konpostaj, pou redui pi plis enpak anviwònmanal nou. Mwen gen rekonesans nan fon kè m pou travay di ekip sanitasyon nou yo ak sipò òganizasyon lokal yo, ki fè inisyativ sa yo posib gras a kolaborasyon yo. Pandan n ap vanse, administrasyon mwen an rete devwe pou li ofri estanda sèvis sanitasyon ki pi elve pou vil nou an. Ansanm, nou va bati yon North Miami pi pwòp, pi an sekirite e pi dirab pou jenerasyon k ap vini yo.

Mèsi pou jan ou toujou kolabore avè nou pou w kenbe vil nou an bèl.

Sincerely,

Mayor Alix Desulme, Ed. D.



Lèt Biwo Manadjè Minisipal la

Moun North Miami,

N ap prezante w Gid Sèvis dijen pou Ane fiskal 2026 la (FY26)! Nou prepare gid resous sa a pou w ka toujou enfòm sou sèvis dijen Vil la ak tout fason nou ka travay ansanm pou kenbe Vil North Miami pwòp, an sante, epi yon kote ki toujou gen aktivite.

Antan Manadjè Vil la, mwen vle remèsye ou poutèt ou toujou angaje nan sa k ap pase nan kominote a. Jan nou kenbe kay nou, katye nou yo, ak espas piblik yo se sa ki fè North Miami yon bèl kote pou moun rete. Bon jan sèvis dijen jwe yon gwo wòl nan jan vil nou an atiran epi bèl.

Nan gid sa a, w ap jwenn enfòmasyon itil, konsèy pratik, ak repons pou kesyon moun poze souvan sou sèvis dijen nan North Miami. Mwen ankouraje w sèvi ak gid sa a epi kontakte nou si w ta gen kèk kesyon oswa kèk bèl ide.

Ansanm, nan fè konbit epi ak fyète pou kominote a, nou ka toujou kontinye bati yon vil nou tout ap kontan rele l lakay pa nou.

Mwen salye ou,

Theresa Therilus, Esq.

Manadjè Vil la



Sèvis ramase fatra ak resiklaj

Fason pou w byen prepare poubèl fatra ak resiklaj ou pou yo vin ranmase



- Ou ka mete poubèl yo bò twotwa a pa pi bonè pase vennkat (24) èdtan anvan jou yo ramase fatra a. Ou dwe met poubèl yo nan plas yo venkat (24) èdtan apre yo fin pase pran fatra a.
- Mete fatra menajè yo nan sachè anvan w mete yo nan poubèl fatra w. Lè w mete fatra ou nan sachè, sa ede kenbe poubèl fatra a pwòp epi sa anpeche fatra gaye atè pandan kamyon fatra a vin pran fatra a.
- Pa gen pwoblèm si w mete ti kantite gwo dechè oswa dechè lakou nan poubèl fatra a depi li antre nan poubèl la epi kouvèti a fèmen kòrèkteman.
- Mete atik oswa dechè lakou ki pa kab antre nan poubèl fatra ou bò twotwa a nan pwochen jou y ap ramasaj gwo fatra nan katye w la.
- Poubèl vèdoliv la se pou resiklaj sèlman.
- Men atik nou aksepte pou resiklaj: papyè, vè, kenn an metal (aliminyòm, asye ak fèblan), ak plastik.
- Retire bouchon boutèy yo epi mete yo nan fatra.
- Vide tout boutèy anvan w mete yo nan poubèl resiklaj ou pou yo vin ranmase yo.
- Kouvèti poubèl yo dwe fèmen, epi flèch ki sou kouvèti a dwe bay sou lari. Pa mete poubèl bò bwat a lèt, pre machin, oswa pre lòt bagay.
- Kite yon distans ant poubèl resiklaj la ak poubèl fatra a pou pèmèt ramasaj otomatize a fèt.
- Pa mete poubèl bò bwat a lèt, pre machin, oswa pre lòt bagay. Kite yon distans ant poubèl resiklaj la ak poubèl fatra a pou pèmèt ramasaj otomatize a fèt.

**Lè w doute... Tanpri ESKANE
(Gid A jiska Z)**



Rapòte pwoblèm sèvis

Pou w rapòte yon fatra nou pa pran, oswa pou w mande ranplase bwat poubèl ou a, al sou sit sa a www.NorthMiamiFL.gov/Sanitation
Oswa rele Depatman Sèvis Katye North Miami an nan 305-895-9832.

ESKE NOU BLIYE PRAN YON FATRA?



**Enskri pou w resevwa
notifikasyon sanitasyon**

Rapèl Resiklaj

Atik ki akseptab

- Papyè ak katon
- Boutèy plastik
- Ken aliminyòm, fèblan ak asye
- Boutèy ak bokal an vè kolore
- Rense tout veso anvan w mete yo nan poubèl ou
- Ou dwe retire bonchon yo epi jete yo.



Atik ki pa akseptab

- Vè
- Bokit penti
- Metal
- Polistirèn
- Ralonj
- Debri konstriksyon
- Fatra menajè
- Divès kalite plastik
- Bwat pizza, sachè plastik
- Jwèt ak tas

Sa ou dwe mete Nan gwo fatra

Sèvis ramase fatra Waste Pro chak semèn nan
pèmèt yon maksimòm 8 yad kib pou chak fwaye,
nan jou yo ranmase fatra ou.



Atik entèdi

Pou lè y ap pase pran gwo fatra

- Kawotchou
- Gwo moso vit
- Bokit penti
- Materyo konstriksyon (planch, palèt, albòd, eksetera)
- Retay branch bwa ke yon lòt konpayi/vandè fè
- Tout dechè danjere – Daprè Kòd North Miami Seksyon 9-25




Atik ki pèmi


Pou lè y ap pase pran gwo fatra
(Ki pa depase 8 yad kib)

- Aparèy
- Mèb ak matla
- Retay branch bwa pwopriyete a oswa peyizajis la koupe (Tout travay la dwe fèt konfòmman a Kòd Minisipal Seksyon 9-17(C))
- Pa mete gwo fatra yo a yon distans 5 pye de lòt objè (tankou veyikil, pyebwa, branch ki ap pandye, fil kouran, eksetera)


Ki sa 8 yad kib sanble ?



or




EGZANP



FÒMIL POU KALKILE YAD KIB:
 $L \times W \times H \div 27 = \text{KANTITE YAD KIB}$

Miltipliye twa dimansyon yo (an pye) ansanm pou jwenn kantite pye kib la, apre sa divize l pa 27 pou jwenn kantite yad la.

Recho elektrik
nòmal avèk fou



Preparasyon pou siklòn

Konsèy pou sèvis sanitasyon

Anvan yon tanpèt

- Tout sèvis sanitasyon sispann lè leta emèt yon avètisman siklòn.
- Pa al mete poubèl fatra oswa poubèl resiklab bò twotwa pandan yon avètisman tanpèt twopikal oswa siklòn.
- Pa al mete gwo fatra bò twotwa pandan yon tanpèt twopikal, siveyans oswa avètisman siklòn.
- Pa debranche bwa oswa pa fè gran netwayaj lè leta pibliye yon avètisman oswa yon siveyans tanpèt twopikal, siklòn.
- Meyè moman pou w fè travay debranche pyebwa, gran netwayaj ak koupe gazon, se anvan sezon siklòn kòmanse.
- Sere bourèt ak bwat poubèl yon kote an sekirite kote ki pa gen gwo van oubyen mare yo pou byen sekirize yo.
- Mete gwo sachè fatra nan twous dijans ou pou jete dechè.

Pandan yon tanpèt

- Yon fwa leta emèt yon avètisman siklòn, yo kanpe tout sèvis sanitasyon.
- Mete tout dechè menajè nan sachè fatra pou w jete epi mare yo byen di pou anpeche kondisyon ki pa sanitè.
- Prepare w pou w estoke dechè nan sachè fatra ki fèmen byen di pou plizyè jou.
- Pa bliye separe atik resiklab yo de fatra regilye.
- Rete branche sou televizyon lokal, estasyon radyo lokal oswa sitwèb vil la pou mizajou konsènan fonksyonman Vil North Miami.

Après yon siklòn

- Prepare w pou w wè ajisteman nan orè sanitasyon yo apre yon siklòn.
- Mete tout dechè menajè, dechè resiklab ak dechè lakou nan sachè fatra pou jete jiskaske sèvis regilye yo reprann.
- Mete tout fatra yon kote aksesib lwen poto elektrik, klote ak pyebwa.
- Tanpri enfòme FPL si gen fil kouran ki tonbe nan zòn ou an.

*Rele nan
1-800-4-OUTAGE
(1-800-468-8243) touswit pou rapòte
yon sityasyon danjre tankou yon kab
elektrik ki tonbe atè a.*

Rezidansyèl Tarif dechè solid

Tarif ini-famalyal

Tarif sanitasyon rezidansyèl ini-famalyal ak milti-famalyal jiska 4 inite pou ramase fatra :
Ramase fatra de fwa pa semèn, ramase resiklaj yon fwa pa semèn, ak ramase gwo dechè yon fwa pa semèn jiska 8 yad kib.

APATI 10/01/2025

Tarif masyèl \$17.20

Frè eliminasyon masyèl \$16.07

Total masyèl \$33.27

Pri ranplasman poubèl ak bak sou demann rezidan/abitan vil la :

Poubèl rezidansyèl:

96 Galon \$70.94

64 Galon \$68.44

32 Galon \$62.22

Poubèl resiklaj rezidansyèl:

96 Galon \$70.94

64 Galon \$68.44

32 Galon \$62.22

Poubèl rezidansyèl adisyonèl bò twotwa (frè sa yo se pa mwa)

96 Galon \$30.43

64 Galon \$26.23

32 Galon \$24.13




Faktirasyon sanitasyon chak twa mwa

Lis faktirasyon sèvis itilite piblik rezidansyèl pou Sèvis Sanitasyon (fatra, resiklaj ak gwo dechè) ansanm ak Egou, Dlo Lapli ak Frè Sèvis Konte a. Frè yo detaye youn pa youn nan seksyon « Detay Faktirasyon Sèvis Itilite Piblik » bòdwo a.

Messages Conservation is key. Your water and sewer rates are based on your water usage. **If Total Due includes a previous balance, service is subject to be DISCONNECTED at anytime. additional charges may apply.**	Account Information Customer Number: 00567-07007 Service Location: 1370 NE 130 ST Billing Date: 09/01/22 Turn Off Date: 09/01/22 Last Payment Date: 08/01/22 Previous Balance: \$268.19 Payments: \$268.19 Current Charges: \$254.75 Total Due: \$254.75																								
Utility Billing Details Account #: 05-07-00401-02 1370 NE 130 ST Service from 03/21/22 to 06/20/22 # of Units: 1	Water Information Meter #: 0010226 Estimated W: 498 Previous Read 1: 494 Current Read 1: 498 Usage: 4 Days 02 Your water usage is billed per 1000 gallons. **FROM 03/21/22 TO 06/20/22** Please return this bill to the City of North Miami, FL 33161 For more information, please visit www.cityofnorthmiami.com																								
<table><tr><td>CSF</td><td>County Service Fee</td><td>\$7.45</td></tr><tr><td>SANITA</td><td>Sanitation Charge</td><td>\$101.79</td></tr><tr><td>SEWER</td><td>Sewer Base Charge</td><td>\$57.42</td></tr><tr><td>SEWER</td><td>Sewer Consumption</td><td>\$17.00</td></tr><tr><td>STORM</td><td>Storm Water</td><td>\$21.36</td></tr><tr><td>WATER</td><td>Residential Consumption</td><td>\$8.36</td></tr><tr><td>WATER</td><td>Residential 3/4" Water Base Charge</td><td>\$41.37</td></tr><tr><td colspan="2">Total Current Charges</td><td>\$254.75</td></tr></table>	CSF	County Service Fee	\$7.45	SANITA	Sanitation Charge	\$101.79	SEWER	Sewer Base Charge	\$57.42	SEWER	Sewer Consumption	\$17.00	STORM	Storm Water	\$21.36	WATER	Residential Consumption	\$8.36	WATER	Residential 3/4" Water Base Charge	\$41.37	Total Current Charges		\$254.75	
CSF	County Service Fee	\$7.45																							
SANITA	Sanitation Charge	\$101.79																							
SEWER	Sewer Base Charge	\$57.42																							
SEWER	Sewer Consumption	\$17.00																							
STORM	Storm Water	\$21.36																							
WATER	Residential Consumption	\$8.36																							
WATER	Residential 3/4" Water Base Charge	\$41.37																							
Total Current Charges		\$254.75																							

Sample Utility Bill

Utility Billing Details		
Account #: 05-07-00401-02 1370 NE 130 ST Service from 03/21/22 to 06/20/22 # of Units: 1		
CSF	County Service Fee	\$7.45
SANITA	Sanitation Charge	\$101.79
SEWER	Sewer Base Charge	\$57.42
SEWER	Sewer Consumption	\$17.00
STORM	Storm Water	\$21.36
WATER	Residential Consumption	\$8.36
WATER	Residential 3/4" Water Base Charge	\$41.37
Total Current Charges		\$254.75



KONSÈY RAPID SOU FASON POU OU KONFÒME OU AK RÈGLEMAN YO



Gwo dechè pa kab depase 8 yad kib.
* Chapit 9 – Seksyon 17(e)



Lè moun gwo dechè deyò twò bonè
* Chapit 9 – Seksyon 17(d)



Debri degrennen dwe nan sachè.
* Chapit 9 – Seksyon 23(c)



Gwo atik yo entèdi.
* Chapit 9 – Seksyon 18(b)



Tout poubèl dwe rete pa dèyè kay la
sou pwopriyete a
* Chapit 9 – Seksyon 15(f)




Orè biwo :

**Lendi – Vandredi :
8:00 AM – 5:00 PM**

Garbage Collection Sanitation Schedule

Orè ranmasaj sanitasyon fatra

Mapa de Servicios y Horario de Saneamiento



Garbage Service Days

Jou ranmasaj fatra

Día de Servicio de Basura

Monday
Thursday

Lendi
Jedi

Lunes
Jueves

Tuesday
Friday

Madi
Vendredi

Martes
Viernes

Recycling Service Day

Jou Sèvis fatra

Día de Servicio de Basura

Saturday

Samedi

Sábado

Wednesday

Mékredi

Miércoles

NO SERVICE HOLIDAYS

December 25th is the only holiday that Waste Pro does not service solid waste throughout the City of North Miami.

MISSED PICK-UP?

Call the North Miami

Neighborhood Services Department
at 305-895-9832 or

Waste Pro at 305-651-7011.

SPA GEN RANMASAJ JOU FERYE YO

25 desanm se sèl jou ferye Waste Pro pa vin ranmase dechèsolid toupatou nan Vil North Miami a.

ROU RATE RANMASAJ LA?

Rele Depatman Sèvis Katye North Miami an nan 305-895-9832 oswa Waste Pro nan 305-651-7011

DÍAS FESTIVOS EN LOS QUE NO SE PRESTA SERVICIO

El 25 de diciembre es el único día festivo en el que Waste Pro no da servicio a los desechos sólidos en toda la ciudad de North Miami.


¿SE LE PASÓ LA RECOLECCIÓN?

Llame al Departamento de Servicios Vecinales de North Miami al 305-895-9832 o Waste Pro al 305-651-7011.

Garbage Collection Sanitation Schedule

Orè ranmasaj sanitasyon fatra

Mapa de Servicios y Horario de Saneamiento



Bulk Garbage Day

Orè ranmasaj dechèkipa triye
Día debasura voluminosa

Monday	Lendi	Lunes
Tuesday	Madi	Martes
Wednesday	Mékredi	Miércoles
Thursday	Jedi	Jueves
Friday	Vendredi	Viernes

NO SERVICE HOLIDAYS

December 25 is the only holiday that Waste Pro does not service solid waste throughout the City of North Miami.

MISSED PICK-UP?

Call the North Miami
Neighborhood Services Department
at 305-895-9832 or
Waste Pro at 305-651-7011.

SPA GEN RANMASAJ JOU FERYE YO

25 desanm se sèl jou ferye Waste Pro pa vin ranmase dechèsolid toupatou nan Vil North Miami a.

ROU RATE RANMASAJ LA?

Rele Depatman Sèvis Katye North Miami an nan 305-895-9832 oswa Waste Pro nan 305-651-7011

DÍAS FESTIVOS EN LOS QUE NO SE PRESTA SERVICIO

El 25 de diciembre es el único día festivo en el que Waste Pro no da servicio a los desechos sólidos en toda la ciudad de North Miami.

¿SE LE PASÓ LA RECOLECCIÓN?

Llame al Departamento de Servicios Vecinales de North Miami al 305-895-9832 o Waste Pro al 305-651-7011.



776 NE 125 Street
North Miami, FL 33161



City of North Miami Code Compliance Department

12330 NE 8 Avenue, North Miami, FL 33161

305-895-9832

Monday through Friday, 8:00 a.m. – 5:30 p.m.

Lendi a Vendredi, 8:00 a.m. – 5:30 p.m.

Lunes a Viernes, 8:00 a.m. – 5:30 p.m.



Waste Pro

305-651-7011

Monday through Friday, 8:00 a.m. – 5:00 p.m.

Lendi a Vendredi, 8:00 a.m. – 5:00 p.m.

Lunes a Viernes, 8:00 a.m. – 5:00 p.m.

Contact Us | Kontakte nou | Llámanos

For questions regarding your garbage, recycling, or bulk trash service, call the North Miami Code Compliance Department at 305-895-9832 or Waste Pro at 305-651-7011.

Pou kesyon konsènan fatra ou resiklaj oswa sèvis fatra esansyèl, rele Depatman Sèvis Katye North Miami nan 305-895-9832 oswa Waste Pro nan 305-651-7011.

Si tiene preguntas sobre su servicio de basura, reciclaje o basura a granel, llame al Departamento de Servicios Vecinales de North Miami al 305-895-9832 o Waste Pro al 305-651-7011.